

Dokiman w ap bezwen pou Lisans Chofè/Kat ID

Rezidan Pèmanan Etazini

Rezidan pèmanan legal nan Etazini (LPR), yo rele sa 'moun ki gen 'green kat' (kat vèt), se moun ki pa sitwayen Etazini ki otorize legalman pou viv pèmanan nan Etazini.

Ou dwe pote dokiman idantifikasyon, sosyal sekirite ak adrès rezidansyèl.

pote

1

Idantifikasyon Prensipal

Pa aksepte fotokopi

- Kat Rezidans Pèmanan Etazini (Kat Vèt, Fòm I-551)
- Paspò etranje valab ak prèv ki soti nan Sèvis Sitwayente ak Imigrasyon Etazini (USCIS), tankou I-485 oswa I-589 resi, lòd jij imigrasyon, oswa stamp nan paspò ki montre ke yo te akòde/apwouve estati azil oswa refijye.
- Visa Imigran oswa stamp I-551 nan paspò valab

Si ou se yon **Rezidan Pèmanan nan Etazini** ki chanje non, ou dwe premyèman mete ajou non ou ak USCIS avèk Administrasyon Sosyal Sekirite (SSA). Ou dwe bay yon kopi orijinal oswa sètifye sètifika maryaj ou oswa lòd tribinal ansanm ak prèv chanjman non ak USCIS (tankou I-797 oswa I-90). Tanpri rete omwen yon jou travay apre ou fin mete ajou non ou ak sekirite sosyal anvan ou aplike pou yon lisans oswa kat ID mete ajou.

Pa aksepte fotokopi

pote

1

Nimewo Sosyal Sekirite

dwe genyen nimewo sekirite sosyal konplè

- Kat Sosyal Sekirite orijinal
- Fòm W-2 oswa 1099
- Resi shèk peman ak Nimewo Sosyal Sekirite konplè

pote

2

Prèv Adrès rezidansyèl nan Florida*

- Papye pwopriyete, Papye ipotèk, oswa kontra kay lwaye
 - Kat Enskripsyon Elektè de Florida
 - Kat Sèvis Militè
 - Dokiman valab ki montre pwopriyete machin oswa bato nan Florida
 - Bòdwo sèvis piblik ki dat nan 30 dènye jou yo (tankou bill dlo, gaz, elektrisite, telefòn, intènèt)
 - Deklarasyon finansye ki dat nan 30 dènye jou yo (tankou bank, kat kredi, oswa kont investisman)
 - Liv pèman machin ki dat nan 30 dènye jou yo
 - Kat medikal oswa kat sante ak/oswa bòdwo medikal ki dat nan 30 dènye jou yo
 - Lisans pwofesyonèl ki te bay pa yon ajans gouvènman ameriken
 - Dokiman ki soti nan anplwayè ki dat nan 30 dènye jou yo (tankou talon chèk, fòm W-2)
 - Asirans kay oswa machin ki dat nan 30 dènye jou yo
 - Dokiman ki soti nan ajans gouvènman federal, eta, oswa vil ki dat nan 30 dènye jou yo
 - Fòm enskripsyon FDLE ki ranpli pa biwo sherif lokal la oswa Depatman Koreksyon yo nan 30 dènye jou yo
- Lè w ap itilize prèv adrès nan non yon lòt moun, ou dwe ranpli yon Fòm Sètifikasyon Adrès epi swiv enstriksyon ki sou fòm nan.**

Veteran

Si ou vle yon deziyasyon veteran sou lisans oswa kat ID ou, ou dwe prezante prèv dechaj onè, tankou kat VA, Kat ID Militè Retire, DD-214.

Veteran 100% Andikape

Tanpri pote Kat Veteran Andikape ou oswa Lèt Verifikasyon Sèvis ou soti nan VA pou egeje frè yo.

*Ou ka jwenn kondisyon pou Lisans Chofè Komèsyal la sou lòt bò papyè sa a.



Lisans Chofè Komèsyal & Pèmi Aprantis Chofè Komèsyal

Dokiman Obligatwa pou Moun ki Rezidan Pèmanan Etazini



Eskane kòd la pou w jwenn enfomasyon ki pi ajou oubyen vizite LeeTC.com.

Lwa federal la mande pou tout aplikan lisans/pèmi komèsyal deklare estati sètifikasyon medikal yo epi bay yon sètifika valab nan men yon egzaminatè medikal (sof si yo espesyalman eksepte).

Pote

1 Idantifikasyon Prensipal kopye orijinal oswa sètifye Pa aksepte fotokopi

Chwazi yon prèv Idantifikasyon Prensipal nan lòt bò papye sa a.

Si ou se yon Rezidan Pèmanan nan Etazini ki chanje non, ou dwe premyèman mete ajou non ou ak USCIS avèk Administrasyon Sosyal Sekirite (SSA). Ou dwe bay yon kopi orijinal oswa sètifye sètifika maryaj ou oswa lòd tribinal ansanm ak prèv chanjman non ak USCIS (tankou I-797 oswa I-90). Tanpri rete omwen yon jou travay apre ou fin mete ajou non ou ak sekirite sosyal anvan ou aplike pou yon lisans oswa kat ID mete ajou.

Pa aksepte fotokopi

Pote

1 Nimewo Sosyal Sekirite dwe genyen nimewo sekirite sosyal konplè

Chwazi yon prèv Idantifikasyon Prensipal nan lòt bò papye sa a.

Pote

1 Prèv Rezidans nan Florida

- Yon Lisans Chofè Florida oswa Kat Idantite Florida ki valab epi ki ou te genyen-l pou plis ke (6) mwa apre lòt.
- Yon kontra kay, yon ipotèk rezidansyèl, oswa yon papye kay ki sou non kliyan an, siyen plis pase sis (6) mwa de sa.
- Kat Enrejistreman Votè nan Florida
- Deklarasyon Domisil. (Deklarasyon Domisil yo ranpli avèk Lee Clerk of Courts - Depatman Dosye Ofisyèl.)
- Yon egzansyon taks sou pwopriyete nan Florida. (Ouka jwenn prèv egzansyon homestead la sou leepa.org epi klike sou "Exemption Renewal Letter.")

Pote

2 Prèv Adrès rezidansyèl nan Florida

Kandidan pou CLP/CDL dwe prezante de (2) prèv adrès diferan sou non yo, oswa: De (2) dokiman nan Lis A **oubyen** yon (1) dokiman nan Lis A **avèk** yon (1) dokiman nan Lis B

LIS A

Soumèt youn oubyen de dokiman nan non aplikan an:

- Yon kontra lwaye resan pou rezidans la ki valab pou 6 mwa oswa plis, nan non chofè a.
- Kat Enstriksyon Votè nan Florida ki resan
- Rejestrasyon oswa tit Florida pou machin ou bato ki pa ekspire
- Pwopriyete kay oswa kontra asirans kote ou louwe oswa bòdwo
- Bill sèvis piblik resan (dlo, gaz, elektrisite) dat nan 30 dènye jou yo.
- Bill telefòn resan, dat nan 60 dènye jou yo
- Bill intènèt resan, dat nan 60 dènye jou yo
- Dènye bòdwo taks sou pwopriyete a
- Tit ipotek pou pwopriyete nan Florida

LIS B

Soumèt youn dokiman nan non kandida a.

- Dènye fòm W-2 oswa 1099
- Dènye deklarasyon labank, ki gen dat nan dènye a 60 jou
- Dènye deklarasyon kat kredi, ki gen dat nan dènye a 60 jou
- Dènye lòd oswa dokiman militè
- Dènye talon chèk ki resan dat nan dènye a 60 jou
- Dokiman gouvènman ofisyèl ki resan, dat nan 60 dènye jou yo

Si yo pa kapab bay okenn dokiman akseptab nan Lis A, kandida a dwe soumèt youn Deklarasyon Domisil ki ranpli nan Biwo Klerk Tribinal la AK yon dokiman nan Lis B. Sètifika Adrès pa akseptab.

Moun ki gen CPL/CDL kap mande yon renouvèlman oswa ranplasman lisans, oswa moun k ap shèshe yon amelyorasyon (pa egzanz: Klas B rive nan Klas A) yo sijè a menm dokiman an ak kondisyon adrès.

Kondisyon pou Lisans Kondwi ak Idantifikasyon yo ye sou lòt bò papye a.